# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 मई 2025 भोजपुरी समाचार

भारतीय ससस्त्र बलन की ओरि से काल्हि राति चलावल गइल **ऑपरेसन सिंदूर** पचीस मिनट क रहे अउर येह जबाबी कार्रवाई में पाकिस्तान अउर पाकिस्तान अधिकृत जम्मू कश्मीर में नौ आतंकी ठेकाना के नस्ट कइ दीहल गइल। नई दिल्ली में भारतीय सेना, भारतीय वायु सेना अउर बिदेस मंत्रालय के संयुक्त प्रेस वार्ता में भारतीय सेना क कर्नल सोफिया कुरैशी अउर भारतीय वायु सेना क विंग कमांडर व्योमिका सिंह ई जनकारी दिहलिनि। उहां के बतवलीं कि पहलगाम आतंकी हमला के पीड़ितन के न्याय दियावे बदे ऑपरेसन सिंदूर सुरू कइल गइल रहे। **ऑपरेसन सिंदूर** काल्हि राति एक बजि के पांच मिनट से एक बजि के तीस मिनट ले चलावल गइल।

कर्नल सोफिया कुरैशी अउर विंग कमांडर व्योमिका सिंह कहलिनि कि भारतीय ससस्त्र बल भविस्य में पाकिस्तान के कवनहूं दुस्साहस क मुहतोड़ जबाब देवे बदे पुरहर तइयार बाटे।

कर्नल सोफिया कुरैशी **ऑपरेशन सिंदूर** क विवरण देत पाकिस्तान अधिकृत जम्मू कश्मीर में स्थित आतंकी ठेकाना क नांव बतवले हइनि जहवां भारतीय सेना कार्रवाई कइले हउवे।

**सवाई नाला कैंप मुजफ्फराबाद यह एक लश्कर–ए–तैयबा का ट्रेनिंग सेंटर था। 20 अक्टूबर 2024 सोनमर्ग, 24 अक्टूबर 24 गुलमर्ग, 22 अप्रैल 2025 पहलगाम। इन हमलों के आतंकियों ने इन्हीं से प्रशिक्षण लिया था। सैयद–ना–बिलाल कैंप मुजफ्फराबाद यह एक जैशे मोहम्मद का स्टेजिंग एरिया है यह हथियार विस्फोटक और जंगल सरवाईवल का ट्रैनिंग का केन्द्र भी था। गुलपुर कैंप कोटली यह एलओसी से 30 किलोमीटर दूर था। लश्कर–ए–तैयब्बा का बेस था जो राजौरी, पुंछ में सक्रिय था। 20 अप्रैल 2023 को पुंछ में और 9 जून 2024 को तीर्थ यात्राओं के बस हमले में यहीं से आतंकी को ट्रेंड किया गया था। बरनाला कैंप बिम्बर यहां पर हथियार हैंडलिंग आईडी व जंगल सर्वाइवल का प्रशिक्षण केंद्र था अब्बास कैंप कोटली लश्कर–ए–तैयब्बा फिदायीन यहां तैयार होता था। इसकी कैपेसिटी 15 टेररिस्ट को ट्रेंड करने की थी**

कर्नल कुरैशी पाकिस्तान के अंदरूनी ठेकानों के नांव क जिकिरि कइलिनि।

बिदेस सचिव विक्रम मिस्री कहलें कि पहलगाम आतंकी हमला के जांचि से पाकिस्तान के साथे आतंकियन के सम्बन्ध क पर्दाफास भइल हवे।

संयुक्त प्रेस वार्ता में भारतीय ससस्त्र बलन के जबाबी कार्रवाई के सटीकता अउर लक्षित स्थलन के आतंकी गतिविधियन से सम्बन्ध के उजागर करे बदे ऑडियो अउर वीडियो इनपुट के साथे एगो पुरहर विस्तृत प्रस्तुतियो दीहल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु दुपहरिया राष्ट्रपति भवन में राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू से भेंटि कइलें। उहां के राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु अउर एकरे बाद कैबिनेटो के ऑपरेशन के बारे में जानकारी दिहलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में राष्ट्रपति मुर्मू कहलिनि कि बइठकी में प्रधानमंत्री ओन्हें ऑपरेशन सिंदूर के बारे में जनकारी दिहलें। एहसे पहिले श्री मोदी पूरा राति ऑपरेसन सिंदूर के बारे में जनकारी लेत रहलें। प्रधानमंत्री कहलें कि भारतीय सेना सफलतापूर्वक येह कार्रवाई के अंजाम दिहले हवे। उहां के ऑपरेसन सिंदूर बदे ससस्त्र बलन क सराहना कइलीं।

**********

देस क सज्जो राजनीतिक दल अउर प्रमुख नेता लोगि भारतीय सेना की ओरि से चलावल गइल ऑपरेसन सिंदूर क प्रसंसा कइले हवें। गृह मंत्री अमित शाह, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं कई गो केन्द्रीय मंत्री अउर राज्य सरकार क मंत्री लोगि आ पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादवो ऑपरेसन सिंदूर में भारतीय सेना के भूमिका क प्रसंसा कइले हवें।

**********

आतंकवाद के खिलाफ ससस्त्र बलन के सैन्य कार्रवाई के बाद विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना पहलगाम आतंकी हमला में मारल गइल शुभम द्विवेदी के घरे जा के आजु उनके परिवारीजन से भेंटि कइलें उहां के शुभम के पिता अउर पत्नी के प्रति संवेदना जतवलीं अउर ओन्हें ढांढस दिहलीं। येह दौरान शुभम द्विवेदी क पत्नी ऐशान्या अउर उनके सज्जो परिवारीजन प्रधानमंत्री के प्रति धन्यवाद जतवलें।

***मैं माननीय नरेन्द्र मोदी जी और जितने भी लोग इस ऑपरेशन से कनेक्टेड हैं, जितने भी लोग इस ऑपरेशन का पार्ट हैं और खास कर हमारे जितने भी ऑल फोर्सेस है उनको बहुत धन्यवाद देना चाहूंगी। रीयली थैंकफुल, जीवन भर आपको धन्यवाद ही देते रहेंगे।***

**********

ऑपरेसन सिंदूर के देखत पूरा प्रदेस में रेड अलर्ट घोसित कइ दिहल गइल हवे। येह दौरान प्रदेस पुलिस के सैन्य इकाइयन से समन्वय बनवले अउर महत्वपूर्ण प्रतिस्ठानन क सुरक्षा कड़ेर कइले क निरदेस दिहल गइल हवे।

**********

गृह मंत्रालय के निरदेस पर देस के दुइ सौ चउवालिस वर्गीकृत नागरिक सुरक्षा जिलन में नागरिक सुरक्षा अभ्यास अउर पूर्वाभ्यास आयोजित कइल जा रहल हवें। प्रदेस सरकार के बिसेस पहल पर प्रदेस के सज्जो जिलन में ई अभ्यास करावल जा रहल हवे। कई जिलन में आजु संझा अब से थोड़कियै देर बाद ब्लैक आउट क पूर्वाभ्यास होई जवने के ले के जिला प्रसासन अपने–अपने जिलन में एडवाइजरी जारी कइले हवे।

**********